Pou Piblikasyon Imedya: 26/10/2017 **GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

GOUVÈNÈ CUOMO AK PWOKIRÈ JENERAL SCHNEIDERMAN ANONSE ENTANSYON YO GEN POU YO POUSWIV EPA LAJISTIS PASKE YO PA PWOTEJE NOUYÒKÈ YO KONT POLISYON LÈ K AP SOTI ANDEYÒ ETA A

EPA Trump lan Inyore Egzijans Lwa sou Lè Pwòp la yo pou Fè Redwi Polisyon Bwouya Van Pote vin New York soti nan Eta ki Sitiye an Amon li yo

Omwen 1 nan chak 3 Nouyòkè Respire Lè ki gen Nivo Bwouya Malsen, ki Souvan Vwayaje Distans Lwen soti nan Lòt Eta yo

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo ak Pwokirè Jeneral Eric T. Schneiderman te depoze yon Avi Entansyon pou pouswiv Ajans Pwoteksyon Anviwonnmantal la (Environmental Protection Agency, EPA) lajistis paske yo vyole Lwa sou Lè Pwòp federal la (federal Clean Air Act) lè yo pa redwi polisyon ozòn (oswa “bwouya”) onivo tèren an van pote vin New York soti nan eta ki an amon li yo.

Omwen youn nan chak 3 Nouyòkè respire lè ki gen nivo polisyon bwouya malsen, epi gen kèk analiz ki mete l nan nivo osi elve ke de nan chak twa Nouyòkè (apeprè 12.7 milyon moun). Pwòp etid EPA te fè demontre polisyon ki soti nan eta ki an amon New York la yo kontribiye anpil nan pwoblèm bwouya danjre New York ap konfwonte a. Espesifikman, New York ap mande pou EPA egzije sous nan senk eta sa yo—Illinois, Michigan, Pennsylvania, Virginia, ak West Virginia—pou yo fè pwòp efò pa yo pou yo abòde pwoblèm polisyon sa a ki gen enpak sou New York.

“New York ap fè tout sa li kapab pou l atenn objektif enèji pwòp nou an yo, sa k ap limite polisyon lè a epi redwi enprent kabòn nou nan kat kwen Empire State la - men polisyon lè pa konn fwontyè”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Avèk mezi sa a, New York di byen klè ke nou pap kanpe san fè anyen pandan lòt eta a yo ap inyore responsabilite yo genyen pou kenbe kalite lè nasyon nou an san danje. Li enpòtan anpil pou eta sa yo pran mezi ki nesesè pou yo redwi enpak anviwonnmantal yo pou jenerasyon k ap vini yo epi mwen ankouraje yo pou yo swiv egzanp New York la pou yo garanti yon demen ki pi pwòp ak pi favorab a anviwonnman pou tout moun.”

“Anpli milyon Nouyòkè toujou ap respire lè malsen akoz polisyon bwouya, ki gen yon grand kantite ladan van pote vin New York soti nan eta ki an amon li yo”, **Pwokirè**

Jeneral Schneiderman te deklare. “Si EPA pap respekte lwa a, nou ap pouswiv yo lajistis pou nou pwoteje sante Nouyòkè yo.”

New York gen kèk nan règleman sou kalite lè ki pi di nan peyi a epi sibstans polyant ki lakoz bwouya yo - tankou oksid nitwojèn (nitrogen oxides, NOx) ak konpoze òganik volatil yo (volatile organic compounds, VOCs) - yo byen reglemante yo. An fèt, New York gen pami nivo degajman NOx ak VOCs ki pi ba nan peyi a. Malgre meyè efò New York ap fè pou konbat polisyon bwouya a yo, rejyon metwopolitèn Vil New York la gen difikilte pandan anpil ane pou l satisfè estanda sanitè federal pou bwouya yo epi - daprè rapò Asosiyasyon Poumon Etazini an (American Lung Association) pou ane 2017 la - li plase an nevyèm nan lis pami rejyon ki pi polye ak bwouya nan peyi a.

EPA te konkli gen yon seri enpak danjre sou sante ki gen rapò ak nivo bwouya elve yo, ki gen ladan domaj nan tisi poumon yo, epi li rann maladi poumon ki la deja yo pi grav, tankou opresyon, bwonch, maladi kè, ak anfizèm. Epitou, yo lye ekspozisyon a bwouya ak lanmò prematire. Kèk gwoup - ki gen ladan, timoun, granmoun aje ak sila yo ki deja gen maladi poumon an yo, tankou opresyon - yo espesyalman a yon risk ki pi elve lè yo respire polisyon bwouya.

“Pou nou pwoteje popilasyon an ak anviwonnman nou an, New York gen kèk nan estanda kalite lè ki pi di nan peyi a”, **Komisyonè Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal a (Department of Environmental Conservation), Basil Seggos, te deklare.** “Men polisyon pa konn fwontyè, epi san ke EPA pa egzije eta ki an amon li yo pou yo limite polisyon yo emèt yo, nou rete pou nou plis limite polisyon nan sous New York la yo. Nan enterè sante piblik, nou ap mande EPA pou yo aji.”

Dispozisyon “Bon Vwazen” (“Good Neighbor”) nan Lwa sou Lè Pwòp federal la egzije EPA pou l entèvni epi adopte plan pou redwi polisyon bwouya ant eta a yo lè mezi eta ki an amon yo pa ase pou garanti yo ka satisfè ak mentni nivo bwouya daprè estanda sanitè federal la yo nan eta ki nan menm sans ak van an yo, tankou New York. Obligasyon EPA genyen daprè Lwa a pou l adopte plan sa a yo - yo rele yo “Plan Mizannèv Federal la yo” (“Federal Implementation Plans”) oswa “FIP” - reflete pozisyon ak otorite inik ajans lan genyen, antanke yon ajans federal, pou l asire efò endividyèl plizyè eta an amon yo pral ka ase, lè yo ajoute yo ansanm, pou rezoud pwoblèm polisyon lè, tankou bwouya, onivo rejyonal yo.

Jou 12 Out 2015 lan, EPA te detèmine mezi 24 eta planifye pou yo pran, ki gen ladan plizyè eta ki an amon New York (Illinois, Michigan, Pennsylvania, Virginia, ak West Virginia), pap ase pou yo kolektivman redwi ak mentni degajman polisyon yo pou garanti estanda sanitè pou bwouya yo nan New York. Detèminasyon sa a te lakoz yo mete yon delè dezan daprè Lwa sou Lè Pwòp la - pou ekspire 12 Out 2017 - pou EPA adopte FIPs pou eta ki amon sa yo. Malgrè delè legal sa a, jiskaprezan EPA poko adopte plan sa yo ki obligatwa daprè lalwa.

Nan menm kontèks la, yon tribinal federal te jije EPA pa te ranpli obligasyon l genyen pou l emèt FIP pou obligasyon dispozisyon “Bon Vwazen” Kentucky a nan kad estanda ozòn 2008 la avan delè legal la, epi an Me 2017 la, yo te refize demann EPA Trump te fè pou yon delè 20 mwa adisyonèl pou yo emèt FIP a.

Lwa sou Lè Pwòp la egzije pati konsène yo pou yo bay EPA avi entansyon yo gen pou yo pouswiv Ajans lan lajistis daprè Lwa a. An konsekans, jodi a, Pwokirè Jeneral Schneiderman ap enfòme Administratè EPA a, Scott Pruitt, ke amwenske Ajans lan ranpli responsabilite l daprè lalwa nan kad dispozisyon “Bon Vwazen” ki nan Lwa a epi pwoteje Nouyòkè yo kont polisyon bwouya nan lespas 60 jou, li pral pouswiv EPA lajistis pou l oblije Administratè Pruit ranpli responsabilite sa a.

Bwouya pa degaje dirèkteman nan lè a, men li fòme lè lòt polyan, tankou oksid nitwojèn ak konpoze òganik volatil yo reyaji an prezans limyè solèy la. NOx ak VOCs a yo ka vwayaje anpil santèn kilomèt apre yo degaje. EPA te rokonèt depi plizyè deseni nati rejyonal bwouya genyen, epi polisyon ki soti nan santral elektrik la yo, veyikil a motè yo, faktori yo, rafînri yo, ak lòt sous degajman ankò ki sitiye nan plizyè eta ki an amon yo kontribiye nan pwoblèm bwouya pou eta ki sitiye nan sans van an yo. Akoz de sa a, EPA te konnen depi byen lontan eta ki sitiye nan sans van an yo pa ka rezoud pwoblèm bwouya yo genyen yo pou kont yo, epi rediksyon bwouya nan eta ki sitiye nan sans van an yo, tankou New York, ap mande pou eta ki an amon yo redwi “transpò ant eta” polisyon bwouya yo a.

###

W’ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418